ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩІКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№122 (23.780) ● 2018 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 6, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. ЕгъэджакІуэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

ПщІэ зыхуэтщІ егъэджакІуэхэ!

Си гум къыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу фи ІэщІагъэм епха махуэмкІэ - ЕгъэджакІуэм и махуэмкІэ!

ЕгъэджакІуэр - ар ІэщІагъэ къудейкъым, атІэ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ ІэнатІэ гугъущ, абы укъыхуалъхуауэ щытын хуейщ. Дэ псори зэгуэр еджакІуэу дыщытащ икІи мы махуэм фІыщІэ хэха яхуэтщІу гуапэу дигу къыдогъэкІыж ди гъуэгугъэлъагъуэу щытахэр, абыхэм фІыуэ дыкъалъагъуу, къытхуэсакъыу, чэнджэщ Іущхэр къыдату зэрыщытам папщІэ.

ЕгъэджакІуэм и лэжьыгъэм и мыхьэнэр иухыркъым абы бгъэдэлъ щІэныгъэр щІэблэм яритын къудеймкІэ. Фэ фи еджакІуэхэм фадогуашэ фи псэм и хуабагъэм щыщ Іыхьэкlэ, ахэр фІымрэ Іеймрэ зэхагъэкІыфу, пэжагъ яхэлъу, захуагъэм и телъхьэу, нэхъыжьхэм пщІэ хуащІу, щыпсэу къэралыр фІыуэ ялъагъуу къывогъэтэдж. Фэращ къэзыгъэхъур щІэныгъэ зыбгъэдэлъ, псэкІэ зызыужьа щІалэгъуалэр, ди республикэм, зэрыщыту Урысейм я къэкІуэнур зыхуэдэнур пщэдей зэлъытауэ щытынухэр.

Щхьэщэ фхудощІ уасэ зимыІэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІэвгъэкІым, бэшэчу икІи губзыгъэу фи ІэнатІэм фызэрыпэрытым, къыхэфха ІэщІагъэм фызэрыхуэпэжым папщІэ.

Узыншагъэ фиІэу, гъащІэм фыщыгуфІыкІыу, лэжьыгъэм ехъулІэныгъэхэр къыщыфхьу, насыпыфІэу, фи Іуэхухэр ефІакІуэ зэпыту фыпсэуну си гуапэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр егъэджэн и ІэнатІэм илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрыщылажьэм, щІэблэр гъэсэнымрэ щІэныгъэ егъэгъуэтынымрэ хуащІа хэлъхьэныгъэшхуэм папщІэ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын

Золко Татьянэ Пантелеймон и пхъум - «Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и управленэ» муниципальнэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэм;

цІэ лъапІэхэр яфІэщын

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Мэргъущ ФатІимэт Мухьэмэд и пхъум - Дзэлыкъуэ муниципальнэ щІыналъэм хыхьэ Каменномост къуажэм дэт «Курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт школ №2» щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ»

Газаевэ Аслъижан Сюттюн и пхъум - «Доттуев А. Ж. и цІэр зезыхьэ курыт школ №1» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ ІуэхущІапІэу Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэм хыхьэ Гундэлэн къуажэм дэтым балъкъэрыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэм,

Къардэн Елизаветэ Къасым и пхъум - «Шэрджэс Хь. Къ. и цІэр зезыхьэ курыт школ №1» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ ІуэхущІапІэу Шэрэдж муниципальнэ щІыналъэм хыхьэ Жэмтхьэлэ къуажэм дэтым урысыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м
№148-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Илъэсыр Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэрэшей-Шэрджэсым и Илъэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэкІуэкІыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэмрэ зэрызэдэлажьэм адэкІи зегъэужьын мурадкІэ **унафэ сощІ**:

1. 2019 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Илъэсыр Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэрэшей-Шэрджэсым и Илъэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэкІуэкІын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къалэн щыщІын:

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Илъэсыр Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэрэшей-Шэрджэсым и Илъэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэкІуэкІыным зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар къызэгъэпэщынымрэ зи пщэ дэлъыну къызэгъэпэщакІуэ гуп иубзыхуну;

къызэгъэпэщакІуэ гупым и лэжьыгъэм сыт и лъэныкъуэкІи щІэгъэкъуэн хуэхъуну.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м
№150-УГ

● Дыгъуасэ

2019 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэбакъуэхэр ячынущ зэкъуэш республикэхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэдэлажьэныгъэмрэ адэкІи ягъэбыдэн папщІэ

Къэрэшей-Шэрджэсым и Іэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыІам КІуэкІуэ Казбекрэ Темрезов Рашидрэ Іэ щІадзащ 2019 гъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэу Къэрэшей-Шэрджэсым зэрыщыІэнумрэ Къэрэшей-Шэрджэсым и гъэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщаубзыхунумрэ теухуа унафэхэм.

КІУЭКІУЭМРЭ Темрезовымрэ къыхагъэщащ зэкъуэш республикитІым я зэхуаку зэгъунэгъугъэр щыгъэбыдэным, экономикэм, гуманитар, щэнхабзэ ІэнатІэхэм зэрыщызэдэлажьэм адэкІи зрагъэубгъуным и телъхьэу зэрыщытыр.

ЩІыналъэхэм я унафэщІхэр дыгъуасэ щызэІущІам Іуэхугъуэ куэдым тепсэлъыхьащ, лъэныкъуитІми я сэбэпынагъ хэлъу.

Іэ зытрадза документхэм я мыхьэнэм теухуа упщІэм жэуап щритым, КІуэкІуэ Казбек жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ зэман кІыхькІэ зэрызэдэлэжьэнумкІэ зэгурыІуэныгъэ псом япэу зэзыщІылІахэм зэгуэрым зэращыщар. АрщхьэкІэ, къыхигъэщащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм, абы лъандэрэ къэралым зэхъуэкІыныгъэ инхэр къыщыхъуащ, ІэмалыщІэхэр къыкъуэкІащ: «**Дэ дызэгурыІуащ ІэнатІэ псомкІи ди республикэхэр зэрызэдэлэжьэну щІыкІэм псэщІэ хэтлъхьэжыну, нобэрей щытыкІэм техуэу. Дэ куэдкІэ дызэщхьщ: лъэпкъыбзэхэмкІэ, хабзэхэмкІэ, къекІуэкІыкІамкІэ. Ди къалэну къыдолъытэ лъэпкъ зэщхьыныгъэр къэзыгъэлъагъуэ а Іуэхугъуэхэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ ехьэлІа псори зэкъуэгъэувэныр. Си фІэщ мэхъу: ахэр сэбэп хъунущ ди лъэпкъхэр нэхъри зэпэгъунэгъу щІынымрэ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэнымкІэ, нобэ хуэдэ зэман мытыншым абы ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ**».

АдэкІэ нэхъ зытелэжьыхьынухэм щытепсэлъыхьым, Темрезов Рашид жиІащ: «**Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я зэпыщІэныгъэхэм мыхьэнэ щхьэхуэ иІэщ. ЩІалэгъуалэм нобэ хуэтщІ гулъытэм елъытащ ди республикэхэм я къэкІуэнур. ДызыхуэкІуэ илъэсым дэ нэхъри дызэкъуигъэувэнущ, зэдэлэжьэныгъэмкІэ ІэмалыщІэхэр къызэІуихынущ, Урысейм и зы Іыхьэу щыт ди республикэхэм я хабзэр, щэнхабзэр, зэхэтыкІэр хъумэнымкІэ мурадхэр щІигъэбыдэнущ**».

Іэ щытрадзэм кърихьэлІащ КъШР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Иванов Александр**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, КъШР-м и Правительствэм и Іэтащхьэ **Уэз Аслъэн**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Мусуков Алий**.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.

Адыгэ Республикэр къыщызэрагъэпэщам и махуэмкІэ КІуэкІуэ Казбек КъумпІыл Мурат йохъуэхъу

«Лъэпкъ куэду зэхэт Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэмрэ сэрэ къыдбгъэдэкІыу гуапэу дынывохъуэхъу Уэри, Адыгейм щыпсэу псоми фи махуэшхуэм - Республикэр къыщызэрагъэпэщам и махуэмкІэ.

Нобэ Адыгейр псынщІэу зызыузэщІ Урысей Федерацэм и субъектщ, экономикэ проект инхэр щагъэзащІэу, мэкъумэш хозяйствэм, туризмэм зыщаужьу, сату-экономикэ зэпыщІэныгъэхэр щагъэбыдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ я цІыхубэхэр къуэш зэхущытыкІэхэмкІэ тхыдэм зэпищІащ, лІэщІыгъуэ куэд зи ныбжь зы тхыдэ, зэныбжьэгъугъэм и хабзэмрэ зэдэІэпыкъуныгъэмрэ щытепщэу. Си фІэщ мэхъу ди щІыналъэхэми я зэпыщІэныгъэхэр сыт и лъэныкъуэкІи нэхъ куу, быдэ зэрыхъунур.

Си гум къыбгъэдэкІыу Уэ, пщІэ зыхуэсщІ Мурат Къэралбий и къуэ лъапІэ, сынохъуэхъу адэкІи ехъулІэныгъэхэр лэжьыгъэм къыщыбдэгъуэгурыкІуэну, республикэм и цІыхубэм мамырыгъэ, гуапагъэ, зэщІэгъэгъэныгъэ иІэну», - дыкъыщоджэ хъуэхъум.

Гъагъэ, ефІакІуэ, Адыгэ хэку!

Адыгэ Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 27-рэ жэпуэгъуэм и 5-м ирикъуащ. Ди къуэш республикэм ар махуитху хъуауэ щагъэлъапІэ.

КъумпІыл Мурат

АДЫГЭ Республикэм и Къэрал Советым - Хасэм и тхьэмадэ **Нарожный Владимир** щІыналъэм щыпсэухэм Защыхуигъазэм къыхигъэщащ нобэ Адыгейр узэрыпагэ хъун, тхыдэ-щэнхабзэ къулей зыбгъэдэлъ, унэтІыныгъэ псоми ехъулІэныгъэ къыщызыгъэлъагъуэ щІыналъэ зэрыхъуар, ар зэфІэгъэувэнымрэ зегъэужьынымрэ цІыхубэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІар, къэкІуэну зэманми зэрефІэкІуэн Іэмалхэм дэтхэнэри и ужь зэритынур.

Жэпуэгъуэм и 1-м Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІ саугъэтхэмрэ тхыгъэхэмкІэ ягъэлъэпІащ зи ныбжьыр илъэси 100 ирикъуахэмрэ абы щІигъуахэмрэ. ЩІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм я тхыдэм щедэІуащ Адыгэ Республикэм Іэзагъым хэгъэхъуэнымкІэ и институтым къыщызэрагъэпэща лекцэхэм. Жэпуэгъуэм и 2-м къыщыщІэдзауэ Мейкъуапэ къалэм щрагъэкІуэкІащ Адыгэ (шэрджэс) щэнхабзэмкІэ VIII фестивалыр. Къалэ библиотекэхэмрэ музейхэмрэ зэІущІэ гуапэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэрагъэпэщащ, лъэпкъ ІэпщІэлъапщІэхэр я Іэдакъэ щІэкІхэмкІэ зэхьэзэхуащ. Жэпуэгъуэм и 3-м Адыгэ Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым щытепсэлъыхьащ адыгэм и лъэпкъ щэнхабзэ щІэиныр хъумэным теухуауэ щыІэ гугъуехьхэм. Спортым гулъытэ хэха хуащІащ жэпуэгъуэм и 5-м: ныбжьыщІэхэр атлетикэ псынщІэмкІэ зэпеуащ, Адыгэ Республикэр къызэрыунэхурэ илъэс 27-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ къызэрагъэпэщащ шыгъажэшхуэри.

ЩэкІуэгъуэм и 4-м Мейкъуапэ щекІуэкІащ гуфІэгъуэ Іуэхум траухуа зэІущІэ. Абы ирагъэблэгъащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Къэбэрдей, Адыгей, Шапсыгъ, Шэрджэс, Краснодар хасэхэм я тхьэмадэхэу **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, Лъэмыщыкъуэ Рэмэзан, КІэкІыхъу Мэжид, Аслъэн Алий, Сэхъут Аскэр** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Адыгейм и унафэщІхэм, жылагъуэ лэжьакІуэхэм, ДАХ-м и къудамэхэм хэтхэм къаІущІащ АР-м и Іэтащхьэ **КъумпІыл Мурат**. ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым - Хасэм и тхьэмадэ **Нарожный Владимир**, АР-м и президенту щытахэу **Джэрым Аслъэн, ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий**, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ, Къэрал саугъэтхэм я лауреат **МэшбащІэ Исхьэкъ**, ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Абхъаз Республикэм и Олимп комитетым и унафэщІ **Аршбэ Валерий** сымэ.

Сыхьэт 12-м Мейкъуапэ и къэрал филармонием щекІуэкІащ гуфІэгъуэ пшыхь. Абы доклад щищІащ АР-м и Іэтащхьэ **КъумпІыл Мурат**. Ди къуэш республикэм и артист пажэхэм концер тышхуэ ятащ. Іуэхум хэтащ Тыркум щыІэ КАФФЕД жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Сирием, Иорданием, Европэм къикІа лІыкІуэхэри.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.



КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек унафэ ищІащ Бахъсэн къалэ дэт псэупІэ унэм къыщыхъуа мафІэсым хэкІуэдахэмрэ фэбжь къыхэзыхахэмрэ я унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи дэІэпыкъуныгъэ иратыну

Бахъсэн къалэм дэт куэду зэтет унэм къыщыхъуа мафІэсым зы цІыхубзрэ сабиитІрэ хэкІуэдащ. Фэбжь ягъуэтауэ иджыри цІыхуитІ Республикэ клиникэ сымаджэщым яшащ. Дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, абыхэм я гъащІэм шынагъуэ пылъкъым.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек унафэ ищІащ мафІэсым хэкІуэдахэмрэ фэбжь къыхэзыхахэмрэ я унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи дэІэпыкъуныгъэ иратыну. ЩІыналъэм и унафэщІым ткІийуэ яхуигъэуващ къэхъуам и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкІыныкІэ лэжьыпхъэхэр зэфІахыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и властхэм зыщІагъэкъуэнущ полицэм и лэжьакІуэ яукІам и унагъуэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек и унафэкІэ сом мин 500 иратынущ 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м ХьэтІохъущыкъуей къуажэм ІэщэкІэ зэщІэуэзэдахэр щытеуэу яукІа Урысейм и МВД-м и «Бахъсэн» МО-м и участковэ уполномоченнэм и унагъуэм.

Къэхъуам ехьэлІа уголовнэ Іуэху зыбжанэ къаІэтащ. Псори къызэщІэзыубыдэ къэпщытэныгъэхэр йокІуэкІ.

ХэкІуэдам къыщІэнащ щхьэгъусэрэ сабий цІыкІуищрэ.

Инклюзив егъэджэныгъэр диІыгъын папщІэ КъБР-м сом мелуани 6,7-рэ хухах

Федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыІэрыхьэнущ сом мелуани 6-рэ мин 789-рэ инклюзив егъэджэныгъэр щІыналъэм къыщызэрагъэпэщын икІи даІыгъын папщІэ.

Мылъкур хуаунэтІащ республикэм и гуманитар-техникэ колледжым и инфраструктурэр адэкІи ирагъэфІэкІуэн щхьэкІэ. Илъэс етІуанэ хъуауэ зэкІэлъхьэужьу абы щокІуэкІ ныкъуэдыкъуагъ зиІэ цІыхухэм ІэщІагъэкІэ я Іэзагъымкlэ щызэхьэзэхуэ «Абилимпикс» чемпионатым и щІыналъэ Іыхьэр.

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, республикэм и школхэм иджыпсту щоджэ зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабий 2426-рэ.

«Тверь - Ржев» гъуэгум щиукІахэм я унагъуэхэм КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр яхуощыгъуэ

Зэрыхуагъэфащэмкlэ, хэкІуэдахэм я бжыгъэр 12-м щІегъу.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм, сэ къызбгъэдэкІыу дахуощыгъуэ нэщхъеягъуэм зи Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ хэкІуэдахэм. Фэбжь зыгъуэтахэм тхужефІэж икІэщІыпІэкІэ я узыншагъэр зэфІэувэжыну дазэрехъуэхъур», - итщ Тверь областым и губернатор Руденя Игорь и цІэкІэ ягъэхьа щыгъуэ телеграммэм.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.

ЩІалэгъуалэр ягъэгушхуэ

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и советым и стипендиер къэзыхьынухэм я сертификатыр ар зыхуагъэфэщахэм жэпуэгъуэм и 3-м иратыжащ.

ИЛЪЭС епщыкІубланэ хъуауэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, творческэ лэжьыгъэм къыщыхэжанык І еджакІуэхэмрэ студентхэмрэ защІегъакъуэ. 2018 - 2019 гъэ еджэгъуэм стипендиер къахьынущ цІыху 47-м. Абыхэм ехъуэхъуну зэІущІэм зыкърагъэхьэлІащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, партым и щІыналъэ гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ **Парафилов Дмитрий**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректор **Апажэ Аслъэн**, Зауэм, лэжьыгъэм, ІэщэкІэ ЗэщІэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я ветеранхэм я къалэ советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ и проректор, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат **Къущхьэ Хъусен** сымэ.

- Мыпхуэдэ Іуэху дахэм мыхьэнэшхуэ иІэщ. ЗэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэм уащыхэткІэ уи гур хэмыхъуэу къанэркъым. Сынывохъуэхъу егъэджэныгъэми фи гъащІэми ехъулІэныгъэ куэд щывиІэну. Сыщогугъ нобэ дгъэлъапІэхэм хуэдэ щІалэгъуалэр гъэ къэс нэхъыбэж хъуну. Зыщывмыгъэгъупщэ, щІыналъэм зэрызиужьынур абы фи къару зэрыхэфлъхьэм елъытауэ зэрыщытынур, - жиІащ Жанатаев Сэлим.

Абдулаев Мустэфа ныбжьыщІэхэм елъэІуащ нобэрей дуней мамырыр къахуэзыхьа я нэхъыжьыфІхэр зэи зыщамыгъэгъупщэну, къызыхэкІам я напэр трамыхыу зэрызаужьынум хущІэкъуну.

- Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым сыт щыгъуи и гуапэу деІыгъ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм къыхилъхьэ Іуэхухэр, псом хуэмыдэу ахэр щІалэгъуалэм защІэгъэкъуэным ехьэлІауэ. ЦІыхубэм и къэкІуэнур псом япэу зэлъытар щІэблэм и бжыгъэмрэ абыхэм зэфІэкІыу ябгъэдэлъымрэщ. Абы къыхэкІыу сыхуейт ди щІыналъэр езыгъэфІэкІуэн куэд къыфхэкІыну, - жиІащ Къущхьэ Хъусен. НыбжьыщІэхэм ехъуэхъуащ икІи псалъэ гуапэхэр зэІущІэм щыжиІащ Апажэ Аслъэни.

Стипендиер зыхуагъэфэщахэм яхэтщ «Шемякиным и гъатхэ» щІыналъэ фестивалым и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм текІуэныгъэ къыщызыхьахэри.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● ФІыщІэ

Урысей Федерацэм и Президентым 2018 гъэм фокІадэм и 25-м къыдигъэкІа унафэ №284-рп-мкІэ «ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт егъэджэныгъэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и ректор **Рахаев Анатолий Измаил и къуэм** Урысей Федерацэм и Президентым фІыщІэ къыхуищІащ хэку щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам папщІэ.

«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми илъын хуейщ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

ФокІадэм и 1-м щІидзауэ КъБР-м Пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкІэ къыщыдэкІыр. ДызэригугъэмкІи, ар яІэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

ГъэщІэгъуэн куэд къивгъуэтэнущ ди газетым и къыдэкІыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуазджэ, спорт хъыбарыщІэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, нэгъуэщІ куэди.

Газетым Іэ щытевдзэ хъунущ КъБР-м и пощт ІуэхущІапІэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Іэ тедзапщІэр илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кІэпІейкІэ 78-рэ хъууэ аращ.

Ди индексыр 51531

Куржы-абхъаз зауэм Абхъазым ТекІуэныгъэр къызэрыщихьрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур Іэтауэ Сыхъум щагъэлъэпІащ.

ТекІуэныгъэм и лІэщІыгъуэ плІанэ

АБЫ иращІэкІа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм хэтащ Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ **КъумпІыл Мурат**, Осетие Ипщэ Республикэм и президент **Бибилов Анатолий**, КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщІ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** сымэ зи пашэ гупхэр, нэгъуэщІ щІыналъэхэм къикІа хьэщІэхэр. Ди республикэм щыщу иджыри абы щыІахэщ Абхъазым щызэуахэр, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр. Абхъазым и ТекІуэныгъэмрэ и Щхьэхуитыныгъэмрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуа зэхыхьэ куэд екІуэкІащ тхьэмахуэкІэ. ФокІадэм и 30-м и пщэдджыжьым Абхъаз Республикэм и президент Хаджимбэ Рауль я пашэу хьэщІэхэмрэ цІыхубэмрэ удз гъэгъа Іэрамэхэр тралъхьащ АР-м и япэ президент Ардзинбэ Владислав и кхъащхьэмрэ (Эшерэ къуажэм) Зауэм и ЩІыхь фэеплъ сынымрэ (Сыхъум). А махуэм хьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ хэтащ Сыхъум и Хуитыныгъэм и утым щекІуэкІа ТекІуэныгъэм и парадым. Абдежым Хэку зауэм и ветеранхэр ирикІуащ, дзэ машинэхэр блэкІащ, зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъу «Полк уахътыншэри» щыІащ. Пщыхьэщхьэм «Динамо» стадионым щекІуэкІа концертым цІыху минибл нэхърэ нэхъыбэ кърихьэлІащ. 1992 гъэм лей къызытехьа лъэпкъым Іэщэ яІыгъыу якъуэува я къуэшхэм нобэ фащэкІэ, къафэкІэ, пшыналъэкІэ ТекІуэныгъэр ягъэбжьыфІэрт. А Іуэхум хэтащ КъБР-м и «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр,«Налмэс» (Адыгей), «Симд» (Осетие Ипщэ), «Меркурий» (КъШР), «Шаратын» (Абхъаз) ансамблхэр, Моисеевым и цІэр зезыхьэ къэфакІуэ гупыр, апхуэдэуи хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэр абхъазхэм зэракъуэувам и щыхьэту Иорданием щыІэ «Кавказ» адыгэ къэфакІуэ гупыр къэрагъэблэгъат. Концертым гуІэфІ тещІэж хуэхъуащ Абхъазым, Урысейм я цІыхубэ уэрэджыІакІуэ Герзмавэ Хиблэ игъэзэщІа «Си Абхъаз» уэрэдыщІэр. ГуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ я джэлэсу хьэрэкІытІэхэр уэгум ираутІыпщхьащ. Абхъазым щекІуэкІа Іуэху дахэхэм теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къыхэтхыкlыныгъэм пожьэ

Жэпуэгъуэм и 1-м Урысей Федерацэм щрагъэжьащ цlыхуэхр къыхэтхыкlыныр. Статистикэмкlэ къэрал управленэм Кавказ Ищхьэрэ щlыналъэ округым щиlэ къудамэм и унафэщlым и къуэдзэ Ауирикъ иригъэкlуэкlащ абы теухуа зэlущlэ.

ГЪАЩТЭМ зэрыжиlамкlэ, Іуащьхьэмахуэ щlыналъэм щекlуэкlыну къыхэтхыкlыныгъэм къигъэлъэгъуэнущ 2020 гъэм яублэну Урысейпсо къэпщытэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыхуэхьэзырыр.

Ямэпхуэкlэ ирагъэкlуэкlа къыхэтхыкlыныгъэхэм елъытауэ, мы зи чэзур Іыхьэ зыбжанэу зэхэлъынущ. Псалъэм папщlэ, www.gosuslugi.ru сайтым епха дэтхэнэ зыри хуитщ жэпуэгъуэм и 1-10-хэм къриубыдэу къыхэтхыкlыныгъэм и напэкlуэцlым зыхитхэну, езым и закъуэ мыхъуу, унагъуэм исхэми я цlэр хигъахьэну. А махуипщlым къриубыдэу зэхуахьэса тхыгъэхэм хэпльэкlынущ къыкlэлыкlуэ махуитхум. Адэкlэ жэпуэгъуэм и 16-27-хэм екlуэкlынущ къыхэтхыкlыныгъэм и етlуанэ Іыхьэр - Статистикэмкlэ къэрал управленэм и лэжьакlуэхэм унагъуэ-унагъуэкlэ къыззохаекlуухьынущ Іуащьхьмахуэ щlыналъэр.

Къыззэрыхатхыкl тхыльым упщlэ 25-рэ итщ. Ахэр теухуащ цlыхур зыщыщ лъэпкъым, зыпэрыт лэжьыгъэм, къыщалъхуа махуэм, нэчыхь иlэ-имыlэ, и щlэныгъэм, нэгъуэщlхэми. Къыхэгъэщыпхъэщи, къыхэзыгъэкыlыр щlэупщlэркъым паспорти, нэгъуэщl тхыльи. Къыщынэмыщlауэ, Росстатым зэхуихьэс тхыгъэр щхъуехьумэ, хэlущlыlу ищlыркъым.

- Ди лэжьакlуэхэр тыншу къыпхуэщlыхуну хуэпаду щытынущ: пыlэ ящхьэрыгъынущ, пщдэлъ щlыхь ядэлъынущ, къыхэтхыкlыныгъэм и дамыгъэр тету, апхуэдэу сумкlэ щlыху я плlэм идзауэ щытынущ. Къыхэзгъэщынут цlыхухэр къыддэмылэжьэну зэрыхуитыр, залымыгъэ зэрырамыхнур. Цlыхубэр къыддэлэжьэну хэмеймэ, зытпыуадзмэ, къыхэтхыкlыныгъэр екlуэкlыххэнукъым. Аращи, нобэкlэ ди къалэн нэхъыщхьэр - мы Іуэхугъэр зэрымышынагъуэр, и зэран къаэзэремыкlынур ди цlыхухэм къагурыдгъэlуэнырщ. Къыхэтхыкlыныгъэм къигъэлъагъуэр зыщ - ди цlыхухэм я щыlэкlэ-псэукlэр зыхуэдэр, я щlэныгъэр здынэсыр,ебэкl лъэпкъыгъуэхэр, ахэр бзэ зэрыпсалъэр зыхутэнырщ, - жиlащ Гъащтэ Ауирикэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Фlыщlэ

Къэрал гулытэ

Ди республикэм щыщу лэжьыгъэм фэбжь хэзыха цlыхуи 8-м Социальнэ страхованэмкlэ фондым и мылькукlэ къащэхуа «Лада-Гранта» автомобилхэр тыгъэ хуащlащ.

IЭНАТlЭМ Іуту фэбжь зыгъэтахэр автомобиль щхьэхуэкlэ къызэгъэпэщын Іуэхур Социальнэ страхованэмкlэ фондым егъэзащlэ «Іэщlагъэм епха узыфэхэмрэ лэжьыгъэм къыщыхъункlэ хъуну къызэрымыкlуэ щытыкlэмрэ щахъумэу Іэмал имылэу социальнэ страхованэ щыным теухуауэ» федеральнэ законым ипкъ иткlэ. Машинэр ират илъэсибл пlалъэкlэ. А зэманым къриубыдэу Социальнэ страхованэмкlэ фондым и щlыналъэ Іуэхущlапlэм автомобилхэр зэгъэпэщыжынымк, дагъэ-гъэсыныпхъэм текlуэдэну мылькум и ныкъуэмкlэ абыхэм защlегъакъуэ.

Фэбжь зыгъуэтам и узэншагъэр зэтриГъуэвэжьнымкlэ программэм ипкъ иткlэ автомобилхэр ят, ахэр зыхуагъэфэщам и узэншагъэм хуэщlауэ къызэгъэпэщащ. Машинэ хуэныкъуэхэр къызэрытщlыр Медико-социальнэ экспертизэмкlэ бюроращ.

Къыщынэмыщlауэ, Социальнэ страхованэмкlэ фондым сымаджэ зэрыхъуар и щхьэусыгъуэу мылажьэу щысым пэкlуэ ахъшэр ирет, ар Іэнатlэм зэрыпэрыта илъэс бжыгъэм емылъытауэ. Фэбжь зыгъуэтам зэуэ зы ахъшэ бжыгъэ гуэр къыlэрохьэ, мазэ къэс ирату пенсэ хуагъэув, я узэншагъэр ирагъэфlэкlуэн папщlэ санаторэ зэрагъэкlуэн тхылъхэмкlэ къызэрегъэпэщ.

- Фэбжь зыгъуэтам и узэншагъэр зэтригъэувэжьнымкlэ программэ щхьэхуэ зэрыщыlэр икъукlэ хъарзынэщ. Абыкlэ ядэлъ щlалым и гулытэр зыхьыдощlэ. Нэгъуэщlу щымыхъукlэ къэскlухьну Іэмал къызэрызитамкlэ фlыщlэ хузощl, - жиlащ а махуэм машинэ зратахэм ящыщ зым.

Социальнэ страхованэмкlэ фондым и щlыналъэ Іуэхущlапlэм Іэнатlэм щыlэнкlэ хъуну шынагъуэм щыхъумэнымкlэ и къудамэм и унафэщl Къагъырмэс Едар лэжьыгъэм фэбжь хэзыхахэм хуагъэсфэща автомобилхэм я Іункlыбзэкэр яритыжащ икlи гъуэгу тынш яlэну екъуэхъуащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩlИ Изэ.

Зээши щхьэхи зымыщlэ

«Сызэрысабийрэ дохутыр Іэщlагъэм сехъуапсэрти, школыр къыщызухым фlыуэ сщlэрт адэкlэ сызыкъуеджэнур. Си хъуэпсапlэр нахуапlэ хъуащ, илъэситху хъуауэ а Іэнатlэм сыпэрытщи, сыщыхущlегъуэжа зы махуи къысхуихакъым», - жеlэ Хьэщlэлl (Жэпlу) Дианэ.

● Щапхъэ

ТЫРНЫАУЗ кьалэм дэт курыт школ №3-р 2007 гъэм къиухри, Дианэ щlэтlысхьащ Ставроль щыlэ Медицинэ академием. Абы къыщlэкlащ сабий дохутыру, адэкlи зы илъэскlэ интернатурэм и щlэныгъэм щыхигъэхъэжащ.

Зэрыщlыкlуэ и нэр къызыхуикlа Іэщlагъэм ар пэрыуагъ 2013 гъэм. Хьэщlэлlым лэжьэн щыщlидзащ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым и поликлиникэм. Іуэхум хъарзынэу зэрехъулlэр къалъытэри, сымаджэщыми лэжьыгъэ къыщыхуагъэпсыгъуащ. Тlуми фlы дыдэу хэзгъуэуэ, ещанэ Іэнатlи къыщlыкlуэкlащ - ар ирагъэблагъащ Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей жылэм и амбулаторэм педиатру щылажьэну. Ахэр псори хъарзынэу зэрызэкlэлъыгъэкlуэм и щыхьэтщ зыхэт гупри зэlэзэ сабийхэм я адэ-анэхэри къызэрыуарзэщи, и зэфlэкlкlэм папщlэ щlыхь, фlыщlэ тхылъ зыбжанэ къызэрыхуагъэфэщар.

И лэжьыгъэкlэ Дианэ щапхъэ хуэхъуни иlащ. Абы и анэшхуэр илъэс куэдкlэ дохутыру лэжьащ. Нанэм и лъагъуэм иджы ирикlуэ хъыджэбзыр хущlокъу и нэхъыжьым сыткlи хуэфащэу къызэрыщlэкlыным. Езэши щхьэхи зымыщlэ Хьэщlэлlыр сытым дежи и нэгум гупагъэр кьрихьу, къекlуалlэхэм зэрахуэфlэкlкlэ зэрадэlэпкъуным хущlэкъуу апхуэдэщ.

- Си деж къаша сабийм сэбэп сыхуэхъуфмэ, адэ-анэм и бын и узыншагъэкlэ иlэ гукъеуэр щыщlысхьфмэ, си кьалэныр згъэзэщlащ. Абыхэм я нэгум испытагъуэ гукъыдэжым къаруушуэ къыскlехьэ, - жеlэ Дианэ.

Дохутырыр щылажьэ пэшым и блынхэм сабийхэм ящlа сурэт гъэщlэгъуэн куэд щыбольагъу. Ар Дианэ игъэхъужа цlыкlуэхм къабгъэдэкl тыгъэ лъапlэщ.

ТАМБИЙ Заремэ.

«Спартак-Налшык» - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - 2:3

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекlуэкlэ зэхьэзэхуэм ипкъ иткlэ дыгъуэпшыхь Налшык щызэхэта зэlущlэр апхуэдэу иухащ. Ди щlалэхэм ящыщу топхэр дагъэкlащ Бацэ Къантемыррэ МэшыкъуэИслъамрэ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Биолог-Новокубанск»-мрэ зэрызэпещlэтамрэ зи чэзу джагугъуэм иужькlэ турнир таблицэм игъэтэ теплъэмрэ ятеуха тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУИслъам.



● Шэрэдж щlыналъэ

Ди къэкlуэнур зыщ

Дызэрыщыгъуаэзщи, Адыгэхэм я махуэм пыщlа гуфlэгъуэ Іуэхугъуэхэр ди республикэм и жылагъуэхэм фокlадэм и 20-м щекlуэкlащ. Щlэрэдж щlыналъэм хыхьэ Жэмтхъэлэ къуажэмэ яlэтыну къаГъэлъэгъуар а махуэрат.

АРЩХЬЭКlЭ, мазэ блэкlам икуэм къуэзэу, ди республикэм и щlыпlэ зыбжанэм уэ къыщхьэуэ щытащ. А кьэхъуькъащlэм и Іуэжь щlыlэр зыльэlэсахэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ящыщщ Жэмтхъэлэ къуажэри. Абы къыхэкlыуи, зи гугъу тщlы гуфlэгъуэр жылэдэсхэм ямыгъэlэпхъуэу хъуакъым. Ауэ, итlани, я жыг хадэхэм, къэкlыгъэзэм, нэгъуэщlхэми хэщlыныгъэ ин зэрагъэтауэ, абыхэм я гур ягъэкlуэдакъым икlи фокlадэм и 28-м, Адыгэ фащэм и махуэм ирыраГъэхъэлlэри, махуэшхуэхэр ягъэльэпlащ.

Журналистхэм абыкlэ нэхъ пасэу хъыбар дагъэщlати, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьакlуэ, усакlуэ, уэрэдыс Вындыжь Мариерэ сэрэ пщэдджыжьым жьыуэ дытехьащ а жылэм дыхуэзышэ гъэзгум.

Щэнхабзэмкlэ унэм гъунэгъу дыщыхуэхъум, дэ зэхэтащ гуфlэгъуэ Іуэхугъуэхэм зэрыщlадзэм щыхьэт теХъуэ, гум екуэбылlэ макъамэ зэщlэжьуурэр.

Махуэшхуэ теплъэ иlэу ягъэщlэрэщlа пщlантlэми абы къедза Іэгъуэблагъэми нэжэгужагъэр зи нэгум кьищ къуажэдэсхэмрэ хьэщlэхэмрэ зэхьэжауэ гуп-гупурэ щызэхэтт.

Тэлай дэкlри, адыгэ фащэ зыкъызыхэхмкlэ зэщыхуэпыкlа, шар плъыфэбэ зэмылlэужьыгъуэхэр зыщхьэщыфбыкl пщащэ щыкlуэр махуэшхуэм хуагъэхъэзыра шыгу гъэщlэрэщlам ирагъэтlысхьащ. Абыхэм яужь школакlуэ нэхъ балигъэр ирагъуэщащ. А псоми я пащхьэ щlакlуэ хужь екlур зэуб гъуэгуэкlа шу зыкъызыхыр кьихутэри, гупыр пщlантlэм къыдишащ.

Адыгэ хэкур, бзэр, хабзэр хъумэным теуха къыхуеджэныгъэхэм дежьуэхэурэ, гупым хэтхэр кьуажэм и узрам нэхъыщхьэм ирикlуэри, щежьа утыкум къихьэжащ.

Школакlуэ цlыкlуэхэмрэ абыхэм я гъэсакlуэхэмрэ я пашэу къэзыкlухьа шур кьуажэм фlыуэ къыщацlыхуэ, уэрэдыжьхэр зи Іэпэгъу, ахэр гъэззщlэныжьмкlэ республикэм щрагъэкlуэкlа зэпеуэхэм ялэ уяпlэхэр мыззмыгlуэ къыщызыхьа Гъубжокъуэ Алихьанщ. Гуфlэгъуэ пэкlур къызэlуэзыхахэм ар зэхэтати, махъсфыжьмкlэр кьуажэдэс нэхъыжьыфlхэм чэзууэ яритащ. Мыдрейхэри ягуми, я псэми къабгъэдэкlыу хъуэхъуащ адыгэ лъэпкъыр жылэ махуэ хъуну.

- Мы гуфlэгъуэр кьэитхудзэыха жэрдэмщlакlуэхэм, унафэщlхэм Тхьэм фlыгъуэ иныр къахуищlэ! Дызэрыщыгъуаэзщи, дэ, адыгэхэм, нэщхьеягъуэ куэди дгъэващ, гузэвэгъуи тлъэгъащ. Зэрытщlэщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъуэщl лъэпкъхэм кьахэкlаехэри щопсэу. Абыхэмрэ дэрэ дызэгурыlуэ-дызэдэлъэжу, зым и пщlэр адрейм кьыдидlэту дызэхэтыным нэхъыфl щыlэу сэ къысхуэщlэркъым. Махуэшхуэр кьыддагъэлъэпlэну ди гъунэгъу балъкъэрхэри нобэ хьэщlэу къызэрытхуэкlуар дэркlэ куэду гуапэщ, - жиlащ къуажэдэс нэхъыжьыфl **Дохъушыкъуэ Хьэсанш**.

Утыкум къихьащ Шэрэдж районым Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Чеченов Георгий**.

- Мы махуэр адыгэхэм ядэдгъэлъапlэкlэрэ, дэ кьыдогъэлъагъуэ ныбжьэгъуфэ дахэ ди зэхуаку зэрыдэлъри зэхъуэшым хуэдэу дызэрызэкъуэтри. Тхыдэм зы щlыпlэ и дежи къыщlыхэщlжьыркъым, ди лъэпкъхэм я зэхуаку зэныкъуэныгъэ кlыхь зэгуэрым дэлъауэ. Дыщlызэхуэса махуэр зыхуэфlын псори Тхьэм дищl! - къыхигъэщащ абы.

Да гу зэрыльыттамкlэ, Щэнхабзэмкlэ унэм и гупэм къыщызэхуэсахэм яхэтащ Жэмтхъэлэ къуажэм къыщыхъуауэ нэгъуэщl щlыпlэхэм щыпсэу цlыху цlэрыlуэхэри абыхэм я Іыхьлыхэри, нэгъуэщlхэри.

Псалъэ иратащ Шэрэдж щlыналъэм и щlыпlэ самоуправленэм и советым и тхьэмадэ **Казиев Анатолий**.

- Илъэс етхуанэ хъуауэ ди республикэм мы гуфlэгъуэр щыдогъэлъапlэ. Сызэрелъымкlи, дяпэкlи апхуэдэнущ, уеблэмэ и егъэкlуэкlыкlэм нэхъри зиубгъунущ, щlэ гуэрхэри къыхихьэнущ. Дызэрыщыгъуаэзщи, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ щlыналъэкlэ дызэгъунэгъуу дыкъызэрекlуэкlрэ куэд дыдэ щlащ, щэнхабзэу зетхьэхэми зэщхьу куэд къыхьыащ. Ди блэкlари зэхуэдэщи, ди къэкlуэнури зыщ. Ар къыумылъытэнкlэ Іэмал иlэкъым! - къыхигъэбелджьылыкlащ Казиевым.

Махуэшхуэм и мыхьэнэр псэкlэ зыхъэщlу, ар гъэлъэпlэным жыджэру зи гуащlэ нэхъ хэзылъхьахэм, шэч хэмылъу, ящыщщ Щэнхабзэмкlэ унэм и директор **Уэрзей Хьэлимэт**, хормейстер **Къэгъэзэж Залинэ**, Іуэхущlапlэм и художественнэ унафэщl **Бозий Лерэ** сымэ. Абыхэм къызэрагъэпэща концерт теплъэгъуэхэм цlыкlуэхм щыжаIа усэхэмрэ щагъэзэщlа къафэхэмрэ апхуэдизкlэ щlэщыгъуэт, удэзыхьэхэ, гуфlэгъуэм къекlуэлlахэм яхэтауэ къыщlэкlынкъым ахэр зигу иримыхьа, зи псэм дэмыхьа.

Тхыгъэри сурэтхэри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

● Хъыбарегъащlэ

Мейкъуапэ къикlи хьэщlэхэр

2018 гъэм и жэпуэгъуэ маздэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къокlуэ Адыгэ Республикэм и Камернэ музыкэ театр Хьэнэхъуэ А. А. и цlэр зезыхьэр. Хьэщlэхэм и лэжьыгъитl щагъэлъэгъуэнущ Налшык дэт Музыкэ театрым.

Жэпуэгъуэм и 18-м щыlэнущ адыгей драматург Кьуиикъуэ Налбий и Іэдакъэщlэкlым къытращlыкlа «Цэунэкрэ щlалэ цlыкlымрэ» сабий макъамэ спектаклыр. Ар тlэу щыlэнущ, сыхьэти 10-мрэ 12-мрэ щыдзэу.

Жэпуэгъуэм и 19-м сыхьэт 19-м щыдзэнущ Эгадзе Эдгар и тхыгъэр зи лъабжьэ «Ослеплённые» мюзиклыр (макъамэр зейр Семёнов Андрейщ, либреттэмрэ усэмрэ зи Іэдакъэщlэкlыр Старчевский Владиславщ).

● Тхылъыщlэ

Израилым адыгэхэр щагъэлъапlэ

Зи Іэщlагъэкlэ архитектор, мы зэманым пенсэм щыс Хьэтыкъуей Исуф Тель-Авив иджыблагъэ журтыбзэкlэ къыщыдигъэкlащ «Дыгъуасэ нобэ, пшэдей: Израилым щыпсэу адыгэхэмрэ дуней псом щикъухьа ди лъэпкъгъуэхэмрэ» тхылъыр. Абы хагъэхьащ 2005-2013 гъэхэм КъБР-м и Іэтащхьэу щыта, политик цlэрыlуэ, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкlыну сенатору щыlэ, Федерацэмкlэ Советым Хамэ къэрал Іуэхуэмкlэ и комитетым и Іэтащхьэм и къуэдзэ, ЩІДАА-м и президент Къанокъуэ Арсен и гъащlэмрэ гуащlэмрэ теухуа напэкlуэцlитl.

ИЗРАИlЫМ и мызакъуэу, дуней псом щыпсэу, зэфlэкl зиlэ, хуэныкъуэ щыхъукlэ и лъэпкъэгъуэм дэlэпыкъуэгъуэ яхуэхъу нэхъыжь пашэсэм, Іущхэм ящыщу тхылъым зи цlэ щрагъуаехэм ди нэхъыжьыфl Къанокъуэ Арсеин зэрахэтыр гуапэ сщыхъуащ. Къыдэкlыгъуэм хагъэхьащ абы и Іуэхущlафэ дахэхэр, адыгэхэр щыпсэу щыналъэ зэмылlэужьыгъуэхэм, хамэ я хуэдэ къэрал куэдым (Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Иорданием, Сирием, Израилым, нэгъуэщlхэми) псапащlэ жыджэру зэрызыкъыщигъэлъэгъуар, Налшык къэзым мэжджьт зэрыщригъэухуар, щэнхабзэр, спортыр егъэфlэкlуэным, узыншагъэр хъумэным, дэнэ щlыпlи щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ди зэхуаку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным ехьэлlауэ Іэкъыщlэхуэм зэрызэфlихар.

Шапсыгъэм къыхэкlа Хьэтыкъуей Исуф и Іэдакъэ къыщlэкlа тхылъ купщlафlэр щыхьэт тохъуэ лъэпкъым и къуэ щыпкъэ, напэр дапщащи япэ изытэщ Къанокъуэ Арсен къыщыхъуа Къэбэрдей-Балъкъэрым, иджыпсту абы кlуэлькlу щищlэ Москва къалэм и мызакъуэу, адыгэхэр щыпсэу щlыналъэ куэдым зэрыщыщlэрыlуэм, нэхъыщхьэращи, дэнэ щlыпlи абы и цlэр фlыкlэ зэрыщрагъуэм, сыт хуэдэ Іэнатlэ пэрытми адыгэм и Іуэху зэрыдгъэкlыным зэрыхуущlэкъуэм, политикэм къыдэкlуэу, хьэрычэт щlэным, псапэ Іуэхухэм ар зэрыхуэпэижьым.

ЖЬЭЖЬЕЙ Зэчрей,
Израиль, Кфар-Камэ къуажэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 6, *щэбэт*

♦Ущыпсэуну къезэгъ щlыпlэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
♦Архитектурэм и дунейпсо махуэщ
♦Ашхабад къалэм (Туркъмэн) 1948 гъэм щlыр щыщыхьеям хэкlуэдахэр ягу къыщагъэкlыж махуэщ. А гуэзвэгъуэм хэкlуэдауэ щытащ цlыху мини 176-рэ.
♦Белоруссием и архив Іэнатlэм и лэжьакlуэм и махуэщ
♦Мысырым Іэщхькlэ зэщlэуэзэда и лэжьакlуэм я махуэщ
♦1768 гъэм Тыркум Урысеймэ зауэ ирищlылащ.
♦1889 гъэм США-м щыщ къэхутакlуэ, хьэрычэтыщlэ Эдисон Томас триха япэ фильмыр игъэлъэгъуащ.
♦1922 гъэм РКП(б)-м и ЦК-м и пленумым унафэ кьищтащ совет республикэхэр зэрызэгуагъэхьэну щыкlэм теухуауэ.
♦1975 гъэм Киев и «Динамо» клубым и футболистхэм Европэм и Супер Кубокыр кьахьащ.
♦1977 гъэм ди къэралым щащlа «МиГ-29» зэребгъэрыкlуэ къэхьылъатэ псынщlэр япэу узгум ихьащ.
♦1986 гъэм шахматхэмкlэ дунейм щынэхъ лъэщ дыдэу зэрыщытыр аргуэру haIуэ ищlащ Каспаров Гарри - ар Карпов Анатолий текlуащ.
♦2010 гъэм Instagram сервисым гъэхьэн щlидзащ.
♦Сирием и президенту щыта **Асад Хафез** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
♦Хоккеист цlэрыlуэу щыта, УФ-м щlыхь зиlэ и тренер, Олимп джэгуэхэм тlэунейрэ я чемпион **Михайлов Борис** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Кубаным и къэрал лэжьакlуэ, политик, социологие щlэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Харитонов Евгений** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Биологие щlэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **КIадэ Азэмэт** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Теленэтынхэр езыгъэкlуэкl, спорт комментатор, ТЭФИ сауГъэтыр зрата **Губерниев Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 11, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 7, *тхьэмахуэ*

♦Письмом и дунейпсо махуэщ
♦1604 гъэм Сыбырым щаухащ иужькlэ Томск къалэ хъуа быдапlэм и ухуэнгъэр.
♦1806 гъэм Инджьылыым дунейм щыяпэу къыщагъэсэбэпащ зэрыщlатхыкl тхылъымпlэр.
♦1918 гъэм Даутокъуэ-Серебряковым и дзэм Налшык иубыдащ.
♦1920 гъэм Кембридж университетым (Иджьылыз) япэу цlыхубзхэр щlатъэтlысхьэ хъуащ.
♦1949 гъэм Германие Демократие Республикэр къызэрагъэпэщащ. Ар Республикэм и махуэу ягъэльапlэу щытащ 1989 гъэ пщlондэ.
♦1959 гъэм «Луна-3» совет станцым Мазэм дымыльагъу и адрей лъэныкъуэм сурэт трихащ.
♦1977 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыщтащ къэралым и Конституцэр.
♦УФ-м и цlыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Тlыхъужь Алий** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦Урысей Федерацэм и Президент **Путин Владимир** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
♦Совет гимнастка цlэрыlуэ, Олимп джэгуэхэм плlэнейрэ я чемпионкэ **Турищевэ Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкlэ, Налшык уэфlу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 12, жэщым градуси 5 - 8 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 8, *блыщхьэ*

♦Астрономием и дунейпсо махуэщ
♦Ульяновскэ областым щагъэлъапlэ еджакlуэм и махуэр
♦УФ-м щагъэлъапlэ кхъухьхэм - псым тетхэми, псы щlагъым щlэтхэми, уэгум итхэми - я командирхэм я махуэр
♦1860 гъэм Бахъсэн цlыхубэ судыр къызэрагъэпэщауэ щытащ.
♦1961 гъэм Москва и Кремлым съездхэм я къэрал уардэунэр къыщызэIуахащ икlи апэ концертыр щатащ. Ар зыхуэгъэзар унэр зыщlа уху-кlуэхэрт.
♦1970 гъэм Солженицын Александр Нобель саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.
♦1991 гъэм Хорватиемрэ Словениемрэ Югославием къыхэкlащ, езыхэм республикэ щхьэхуэхэр яlэ хъуахащ.
♦2007 гъэм Елец «Дзэ щlыхьым и къалэ» цlэр фlащащ.
♦Урысей бэнакlуэ цlэрыlуэ, циркым и артист, Урысейм щlыхь зиlэ и артист **Поддубный Иван** къызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.
♦Усакlуэ, эдэзэкlакlуэ цlэрыlуэ **Цветаевэ Маринэ** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, уэрэджыlакlуэ **Бернес Марк** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.
♦Филологие щlэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, АР-ми УФ-ми щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ **ЗекlуэхъуУвжькъуэ** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Совет тхакlуэ цlэрыlуэ, зи Іэдакъэщlэкlэмкlэ фильм гъэщlэгъуэнхэр (псалъэм папщlэ, «Семнадцать мгновений весны», «ТАСС уполномочен заявить») траха **Семёнов Юлиан** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щlэныгъэхэм я доктор, профессор **Умар Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Театрымрэ киномрэ я актёр цlэрыlуэ, РСФСР-м и цlыхубэ артист **Куравлёв Леонид** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щlэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор **Къагъырмэс Црай** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Совет фигурист, 1976 гъэм Инсбрук (Австрие) щекlуэкlа Олимп джэгуэхэм дыщэ медаль къыщызыхьа, дунеймра Европэмрэ я чемпионатхэм мызэ-мытlэу щытекlуа, СССР-м спортымкlэ щlыхь зиlэ и мастер **Горшков Александр** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкlэ, Налшык уэфlу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКlЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уэрэдым и щlопщыр ежьущ.

Дым Іэдэм Гъэфар и къуэр

Тхакіуэ, журналист, яп лъэпкъ типографием, адыгэ газетым я къыззгъэщакіуэ Дым Іэдэм Бахъсэн щынальэм хыхьэ Кушмэзыкъуей къуажэм 1878 гъэм къыщалъхуащ. Бахъсэн дэт мыдрисэм щеджащ. А еджапіэрщ Елбэд Хьэсэн, Къатхъэн Назир, Фэнэий Мэжид, республикэм и щэнхабзэм, щіэныгъэм зи цІэр фІыкІэ къыхэна нэгъуэщІ куэдми иужькІэ къауахуэ щытар.

МЫДРИСЭ нэужьым Каир дэт ал-Азхьар университетым и щІэныгъэм щыпищэну Дым Іэдэм Мысырым (Египет) кІуащ. Гъэзгу здытетым ар къыщызэтеувІа къуэкІыпІэ къэрал зыбжанэм ящыщщ Сириемрэ Тыркымрэ. Мы къэралхэм Іэдэм и нэгу щыщІэкІащ гъэпщІагъэкІэ, щынагъэкІэ зи хэкур зрагъэбгына ди лъэпкъэгъуэм ятелъ бэлыхьыр. Абдежым абы фІы дыдэу къыщыгурыІуащ зи хэку имысыж цІыхур зэи насыпыфІэ зэрымысхъунур.

Хамэ щыналъэм щигъэкІуа илъэсэхэм мыхьэнэшхуэ яІэт щІэныгъэлІ, публицист хъуну щалэм и дуней епІлъыкІэм зиужьыныжмкІэ, и акъылым зиузэщІныжмкІэ. Каир университетым Іэдэм щиджащ философиер, цІыхухэм я хуитыныгъэр, логикэр, физикэр, математикэр, къуэкІыпІэм щыпсэуа цІыху Іущ цІэрыІуэхэм я тхыгъэхэмрэ гупсысэкІэмрэ щыгъуазэ зыхуигъащІащ.

Еджэныр фІы дыдэу къызэхъулІэщІалэм зригъэгъуэт Іэщіагъэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ лъэныкъуэ куэдкІи и щІэныгъэм зригъэужьыр. Псом хуэмыдэу ар дихьэхыр зырыпІбзэмрэ литературэмрэ. «Уеблэмэ, Дымым еджапІэр кІуихыу илъэс зыбжанэ дэкІыжа нэужьи, иужьрей курсыр къыщиухым абы итха рефератыр егъэджакІуэхэм я дерсхэм къыщагъэсэбэпащ, балигъыпІэ иува цІыхум и гупсысэ куу къызыхэщ тхыгъэр щапхъэу къагъэлъагъуэу», - игу къигъэкІыжащ ЛІыгъур Ибрэхьим, Іэдэм езым и мылъкукІэ Мысырым ишэу, ал-Азхьарым щІигъэтІысхьауэ щыта щІалиплІым ящыщ зым.

Университетыр фІы дыдэу къиухауэ, щІэныгъэм и магистр дипломыр иІыгъуу, Дым Іэдэм хэкум къигъэзэжащ. Студенту щыщыта илъэсхэм абы мурад ищІат Кушмэзыкъуей еджапІэ къыщыщІэуихыну икІи къызэригъэзэжу а Іуэхур псынщІэу зэтриублащ.

Къуажэдэсхэр япэщІыкІэ щтэщтаблэу а Іуэхум бгъэдыхьащ: «Сыт хьэжы къудейм и къуэм тхьэмыщкІэхэр тхэкІэ-еджэкІэм пщІэнэзу щІыхэуригъэджэнур? МыгурыІуэгъуэ гуэр хэпъщ Каир къикІыжа щІэныгъэлІ ныбжьыщІэм кИэтэ Іуэхум. Хэт а еджапІэм щыІэу? - жаІэрт абыхэм.

А зэманым мащІэщ къызыгурыІуар Іэдэм зи яужь ит Іуэхум и мыхьэнэр. А мащІэхэм яхэтащ Щоджэнцыкіу Алий и адэ Іэсхьэд. Ар щыщыт пІэ дыдэу зи сабий еджапІэм къезышэлІахэм. «Гупым я бжыгъэр 23-м нэсыныр псынщІэ дыдэуи къайхъулІатэкъым абыхэм, - щитхыжащ иужькІэ Къурашэ Мухьэмэд и гукъэкІыжхэм. - Сабийхэм нэхъыжьу яхэтыр ШыкІэбахъуэ Абдулыхьт, ар илъэс 15 хьат, нэхъыщІэ дыдэр Щоджэнцыкіу Алийрэ сэрэт - дэ илъэс 12 дыхъурт».

Езым фІэкІа нэгъуэщІ егъэджакІуэ зэрыщыщмыІэм къыхэкІыу, Іэдэм иригъэджащ есэпымкІи, географиемкІи, тхыдэмкІи, адыгэбзэмкІи. А лъэхъэнэм ирихьалІэу адыгэхэм иджыри яІэтэкъым тхыбзэ тэрэз. Адыгэбзэ зэрадж тхыпІэ зэрамыІэм хуэдабзэу, анэдэлъхубзэкІэ тха литературэ щагъэІэтэкъым. Абы къыхэкІыу Іэдэм, гугъуехь куэд пылъу, нэгъуэщІыбзэ тхыпІэхэр зэридзэкІыпрт. ЯпэщІыкІэ хьэрыпІбзэ итхырт, итІанэ адыгэбзэкІэ зэридзэкІынырт, абы щыгъуэми къиГъэсэбэпыр адыгэбзэм къригъэззэгъа хьэрыпІ хьэрфхэрт. Іэдэм и дерсхэр зытриухуэнур егупсысауэ кхыхихырт икІи ахэр сыт щыгъуи лъэпкъым и гъащІэм, и псэукІэм епха щапхъэхэмкІэ щІигъэбыдэжырт.

ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, егъэджакІуэ Іэзэ Дым Іэдэм къеХьулІащ езым и еджапІэм творческэ лэжьыгъэр кхыщыззэрыгъэпщІэн, щІэныгъэ гъэзгум уэхуэзышэ лъагъунытІу уэздыгъэр ныбжьыщІэхэм я гум щыпигъэнэн.

Нэгумэ Шорэ, Хьэтіохъущокъуэ Къазий, лъэпкъ узэщІакІуэ нэгъуэщІ куэдми зэращІам хуэдэу, еджапІэм зэрыщригъаджэ Іэмал псори къигъэсэбэпурэ, 1913 гъэм Дым Іэдэм адыгэбзэ хьэрфыпІэ зэхигъэкІа. Ар: «Сабийхэм яхуэгъэза Іункіыбзэ1ух», «Фыз хъыбар» (тхъэпІэ1ухэр). Дымым зэрикъэфпІытэу къытхуевгъэхь тхыгъэ псори».

А псалъэхэр цІыхухэм я деж зэрынэсам и щыхьэт абы куэд къыхуэкІуэу, къыхуэтхэу зэрыщытар. АпхуэдэУ Дымыр хущІэкъурт, Къэбэрдейм и мызакъуэу, Адыгеймии Шэрджэсми къикІ тхыгъэ псори къызэрытридзэным. Куэд дэмыкІыу «Адыгэ макъым» и корреспондент жыджэр хъуахэщ Гуанэ Зулкъарней, ГъукІэжь Кърым-СулътІан, Гухьэж Исмэхьил, Къаздэхъу Къетыкъуэ, КІурашын Мухьэмэд, Молэ Токъан, Тхьэмокъуэ Хьэбас, ФІэщмыхъу Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщІхэри.

Лъэпкъ журналистикэм и къежьапІэ хъуа газетым щыщу къызэтенар номер 20-м нэблагъэ къудейщ. Ауэ ахэр я щыхьэт нэсщ Дым Іэдэм лъэпкъым и егъэджакІуэу, узэщІакІуэ Іущу зэрыщытам. Газетыр адыгэм и макъ лъэщу щытащ. Абы къиІэтащ Къэбэрдейм и Іуэху нэхъыщхьэхэр. Лъэпкъ интеллигенцэр «Адыгэ макъым» гуапэу ІущІащ икІи жыджэру дэлэжьащ.

Газетым и псалъэр Налшык округым ИкІри жыжьэ щыІуат икІи пщІэшхуэ иІэ хъуат. Абы и щапхъэщ Адыгеймк ыщыдэкІа «Красная Кубань» газетым и япэ редактору щыта ЛІыщІэрыІуэ Хьэрун и тхыгъэр. Ар екъуэхъурт «Адыгэ макъыр» кыидзэзыгъэкІахэм. Апхуэдэуи Хьэрун кхыхигъэщырт лъэныкъэ щэнхабзэр къэІэтыжыныкІэ газетым мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

«Адыгэ макъым» и кхыззгъэпэщакІуэ, щІэныгъэлІ, лъэпкъ узэщІакІуэ, егъэджакІуэ Дым Іэдэм и гъащІэри гъэщІэгъэуэну къекІуэкІащ. Абы кхыззринэкІащ фІыри Іейри щыздзэгъэугурыкІуэ гъащІэ дахэ икІи гугъу.

Дым Іэдэм кхыщалъхуащ Къэбэрдей псом щыщІэрыІуэ, щІэныгъэм пщІэ хуэзышІ Дым Гъэфар-хьэжы и гуэрыр къулейм. Іэдэм и адэр ящыщт лъэхъэнэм и цІыху еджагъэшхуэхэм. Абы бзэ зыбжанэ ищІэрт, и къалэмри щэрыуэт. Дым Гъэфар и Іэдакъэ кІыщІащ уэсэ зыбжанэ, апхуэдэу прозэ итхырт. ИужькІэ ар жыджэру дэлэжьащ «Адыгэ макъым». Абы щыхьэт тохъуэ хъума хъуа экземплярхэм абы и цІэр щІэту тет тхыгъэхэр. Гъэфар езым бгъэдэлъыр хьэрып щІэныгъэми, и бынхэр урысыбзэм хуригъэджащ. Абыхэм псоми щІэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэтащ. И куэд курыт Іэдэм ал-Азхьар университетым кІуэным тезыгъэгушхуари аращ.

Іэдэм зэгурыІуэ зэрылъ унагъуэ дахэу псэуащ: и щхьэгъусэ Нэгъуей ТІатІэ, и хуэхэзу Мухьэмэд (1942 гъэм Москва деж щеджкІуэкІа зауэм хэкІуэдащ), Сулеймэн, Уэсмэн, ипхуэхэу Зейнэбрэ Раисэрэ. Дымым и гъащІэр щІэныгъэм щІэбэнущ зэригъэкІуар, ар большевикыуи, меньшевикыуи, революционеруи, контрреволюционеруи зэи щытакъым. Ауэ 1928 гъэм екІуэкІа Бахъсэн зэщІэхъееныгъэм хэтауэ пщы къытралъхьащ, ягъэтІысри, Соловки лъэхъуэщым ирагъэшащ.

Абы илъэсищкІэ исауэ, Дымым и хэкум къигъэзэжащ, ауэ 1937 гъэм щыІа репрессиехэм аргуэру хэхуащ. Ар щІагъэтІысам щхьэусыгъуэ хуащІащ Дымым уней щхьэл игъэлажьэу, типографие иІэу, апхуэдэуи РКП(б)-м, Совет властым ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм я бийуэ щыт хуэдэу хужаІа псалъэхэр.

1937 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м «тройкэм» унафэ ищІащ Дымыр яукІын хуейуэ, икІи, и Іуэхум хэмыплъэххэу, суди трамыщІыкІуэ, етІуанэ махуэм унафэр ягъэзэщІащ.

А Іуэхум къыдэкІуэу, ягъэкІуэдауэ щытащ Іэдэм и тхылъхэм я мызакъуэу, Дым зэкъуэшхэм я типографием кхыщыдагъэкІа литературэри, Іэрытххэри, и кІэм намыІэсса тхыгъэхэри, зэридзэкІа усэхэри. Абы кхыкІэлъыкІуа илъэс 30-м кхриубыдэу зыри тетхыхьакъым Іэдэм и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ.

60 - 70 гъэхэрщ Дымым и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ къэлъыхъуэн, кхэхутэн, хэплъэн щыщІадзар.

Іэдэм и еджакІуэхэм, Іыхьлыхьэм, и кхуажэгъуэхэм кхахуэна тхыгъэ щыкІуфэкІуэхмрэ «Адыгэ макъ» газетым и кхыдзкІыгъуэ зыбжанэмрэ я фІыгъэкІэ тхыдэджэм ялъэкІащ щыхуфэ щІэныгъэншагъэм кхыхэшыным зи гъащІэр хуэзыгъэпса адыгэлІым и лэжьыгъэ гъэзгуанэр зэфІагъэуважэкІ.

ІЭЩНОКЪУЭ Фоэз,
тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат.

● Лъэпкъ узэщІакІуэхэр

Дэтхэнэ лъэпкъми лъэхъэнэ гъэрым къыгуроІуэж зыхэт кІыфІыгъэр гъэкІуэдын зэхуэуар, зэрыльэпкъ щхьэхуэр зыхещІэж, гъунэгъуэхэм, нэгъуэщІхэм ядоплъейри, щапхъэ ятрихыу щІедзэ. Ар гупсысэ зэщыпымыгъуазэхэм, Іуэху еплъыкІэщІэхэм къахуоуш. Адыгэхэр апхуэдэ щытыкІэ щиувар епщыкІуиянэ лІэщІыгъуэм и кІэух, епщыкІубгъуанэм и пэщІэдзэхэращ.

ЛЪЭПКЪЫМ и цІыху нэхъыфІхэр - Нэгумэ Шорэ и деж къыщыщІэдзауэ ПащІэ Бэчмырзэ, Фэнэий Мэжид сымэ къэсыху - илъэсищэм щІигъкІэ телъэкІащ щІэныгъэм и нэхур адыгэм къащъэщыхьэкъым. Зауэ нэужь лъэхъэнэхэм адыгэ тхыдэм, щхьэбзэм елэжьхэм ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэшхуэхэм я фІыгъэкІэ абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми хуэфащэ увыпІэ тхыдэм щылъагъэсыжащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, жыпІэ хуэму ящІэкІынкъым адыгэ культурэм, щІэныгъэм блэкІа лІэщІыгъуэхэм кхакІуа Гъэугуанэ гугъур нэсу, ныкъусаныгъэншэу зэфІэуГъэвэжа ноби хъуауэ.

Гулъытэ зыхуамыщІыщэу къэгъуэгурыкІуа адыгэ еджагъэшхуэхэу ижьжь зэманым тхыгъэ нэхъыбэ щІэныгъэлІхэм зытрауэхэм ящыщщ Щагъуэ Нурий. Адыгэ тхыдэм, щІэныгъэм абы щиубыд щыпІэм иужьрей зэманым лъэпкъ тхылъеджэхэр нэхъ щыгъуазэ хъуащ. Ауэ абы къыщыкІуэуи жыІэпхъэщ: нэхъ пасэІуэм ар къыззращІыхуар, и пщІэр къызэральытар Щоджэнцыкіу Алий и егъэджакІуэу зэрыщыта ЩыдейрТ. Ари щІыхь мащІэтэкъым, ауэ абы къыкъуэщыр-тэкъым езы щІэныгъэлІм хуэзфІэкІар, лъэпкъ щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ яхуищІа хэлъхьэныгъэ хьэлэмэтыр.

Щагъуэр дунейм зэрехьырэ зыкъом щІащ. Ауэ ар яцІыхуу, абы иригъэджауэ, дэлэжьауэ щытахэм я гукъэкІыжэр Іуэху ищІу иджыри къыздэсым зыми зэхуихьэсыжакъым. Апхуэдэ емыгугъуныгъэм зэрагъэгъэ къыхтуешэ, дыІэбэм дыльэмыІэсыжьыну лъэпкъ фІыгъуэ тфІегъэкІуэд. А емыгугъуныгъэм кърита гукъэгъэмрэ Щагъуэ Нурий лъэпкъ щэнхабзэм щыхуэфащэ щыпІэмрэ тепсэлъыхьыжрэ, адыгэ тхакІуэ Шортэн Аскэрбий и лэжьыгъэхэм ящыщ зым щитхыжьыгащ: «Щагъуэ Нурий илъэгъуэмрэ ищІамрэ, и дуней еплъыкІамрэ и дунейтетыкІамрэ етауэ зы тхыгъэ гуэри къытхуигъэзэнкащ. Ар апхуэдизкІэ нэмысыщхуэ зыхэлъ цІыхути, и псэ ирипэсакъым и щхьэ тепсэлъыхьыжьну. Иджы абы и лъэужьыр къэдупъэхъащ пэтми, къытІэрыхьхэкэр мащІэщ...

Щагъуэ Нурий и Іуэхур пэхъкІэ Іуэху щыІ хуейщ. Абы и гъащІэр, и гуащІэр ди щІэблэм фІыуэ я ящІэу, щапхъэ гъуэзэджэу гъэзнэхуэн хуейщ. А къалэныр зи пащхьэ изыгъэувэжым, езы Нурии зэрыжиІащи, «пщэрыдзэн зыщымы» щытхъуэ хуэфащэщ».

Ярэ адыгэ газетым Щагъуэ Нурий кхытридза и тхыгъэхэмрэ кхыдигъэкІа и тхылъхэмрэ зыубгъуауэ топсэлъыхь лэжьыгъитІ - Нало 3. итха «Бахъсэн щІэныгъэм и литературэ», Іэщнокъуэ Ф. и ІэдакъэщІэкІ «Къэбэрдей литературэм и тхыдэм щыщ Іыхьэ» жьхуиІэхэр.

Щагъуэ Нурий и псэукІамрэ и лэжьыгъэхэмрэ ятеуухуауэ зыбжанэмрэ я фІыгъэкІэ ящыщ зыщыгъуитІ - Нало 3. итха «Бахъсэн щІэныгъэм и литературэ», Іэщнокъуэ Ф. и ІэдакъэщІэкІ «Къэбэрдей литературэм и тхыдэм щыщ Іыхьэ» жьхуиІэхэр.

Щагъуэ Нурий и псэукІамрэ и лэжьыгъэхэмрэ ятеуухуауэ щІэныгъэлІхэм зэреувэлІам щыхьэт наІуэ хуохъу Нэгъуэ Саид и ГъусэУ 1909 гъэм и лэжьыгъэр - «Альфбийр» - къызэрыдгъэкІар.

Истамбыл университетыр фІыуэ я къэзыуха адыгэ щІалэр зэнщІэ пэроувэ адыгэ щІэныгъэмрэ зэхэщІыкІымрэ къэІэтын лэжьыгъэм. ЕджапІэхэм папщІэ ядыгъэкІа тхылъхэм нэмыщІ, ар нэхъыбэу зытхъэкъур, и творческэ къару псори зрихьэлІэр яп адыгэ газет «Гъуазэр» кхыдигъэкІынырц. А газетыр къызэгъэпэщыным Нурий лэжьыгъэу ирихьэлІар къэІуэтэжыгъуейщ, ауэ ар кхыгуэхьІпІэ имыІэу епхауэ къыщІэкІынущ Щагъуэр япэщІыкІэ редакцэм и секретару, иужькІэ редактор нэхъыщхьэуи ягъэувыным.

Езы Щагъуэм зэритхыжамкІэ, «Гъуазэм» кхыдэкІын щыщідзар 1910 гъэрщ. Ар кхыззгъэпэщащ анэдэлъхубзэр, лъэпкъ хабзэр хъумэжыныр къалэн зыщызыщІыжа адыгэ мухьэжыр щэныгъэлІхэрщ.

ЩІэныгъэлІхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, Щагъуэ Нурий и хэку кхыщигъэззэжар 1913 гъэрщ. Нэхъ пасэІуэу ятха лэжьыгъэхэм мыпхуэдэ гупсысэ кхыщыІуэтащ: Хьэтіохъущокъуэм и лъэІыкІэ Щагъуэм къигъэзэжауэ, ауэ иужькІэ абы зыкІи зыкъыщІмыІэныжъуэжауэ, Абы зыкъомкІэ кхыщхьащокІ Елбэд Хьэсэн кхытхуиІуэтэжахэр. Абы кхызэрыджиІэжамкІэ, езы Щагъуэр Хьэтіохъущокъуэм лъэІыкІуэ хуэкІуащ, и мурадхэр хуиІуэтащ, ахэр жыджэру кхыдиІыгащ, уеблэмэ и хьэщІэр зыщІигъури езыр и щхьэкІэ Налшык кІуащ хэку унафэщІхэм елъэІуну, ауэ а тІур ягъэшынэри, а Іуэхур къэнэжьігъащ. Ахэр япэщІыкІэ зи ужь итар реальнэ еджапІэм, хэкум ит муслъымэн еджапІэхэм анэдэлъхубзэр щагъэджэу щІадзэным и Іуэхур къэІэтынырт. Ар кхыщыхуамыдэм, лэжьаІэнэзэрэ мылъкуншэу къэна Щагъуэм выгу зэщІэщІа пщІым кхрет, унэ цІыкІу гуэри еуцІыхрэри, кхыззрегукІ мэкъумэзышІэу Дыгулыбгъуэрей дотІыхсхьэ. Нэхъ иужьыІуэкІэ Щагъуэр егъэджакІуэу ирагъэбгъэлагъэ Бахъсэн кхыщыззрагъэпэща мусльымэн еджапІэм. КъелъэІуа кхудейкІэ ар абы ягъэкІуэну кхыщІэкІынтэкъым, езыр зыхуейкэр кхыхуащІэну къамыгъэгугъамэ... Нэхъ пыухыкІауи Щагъуэр зи ужь итар и еджапІэм анэдэлъхубзэр щегъэджынырт, щІэныгъэ щхьэхуэзэр адыгэбзэкІэ щегъэкІуэкІынырт.

Революцэр текІуэу зыкъом дэкІа нэужь, Щагъуэр Налшык къоІэпэхьуэ. Ар зыІутэ лэжьаІэм и гугъу ящІу архивым щІэлъ тхылъымпІэхэм ягъэ дызыщирихьэлІэр 1924 гъэрщ. Абыхэм ящыщ зым кхыззрыщыгъэльэгъуамкІэ, егъэджакІуэ Щагъуэр 1924 гъэм мэкъуаугъуэм и 1-м хатхащ учебнэ городскым щагъащхэхэм я бжыгъэм, етІуанэм зэригъэбелджылымкІэ, а гъэ дыдэм фокІадэм и 1-м егъэджакІуэм и кхалэнэр игъэзащІу ягъэуващ.

ИужьыІуэкІэ, 1926 гъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэхъэхуэтакІуэ институтыр кхыщыззрагъэпэщым, Щагъуэр абы и щІэныгъэ лэжьакІуэ мэхъу. Ар зэрыпэжьм и щхьэ зыгъэгъэ ящІ хьэпшІ зэрыщыгъэ ирихьэлІ. Абдежым ящыщ зым кхыззрыщыгъэльэгъуамкІэ, Щагъуэр и лъэхъэнэм а институтым Іуэрыуэгъэмрэ литературэмкІэ и секторым и унафэщІу лэжьащ. Ауэ а Іуэхум щыуагъэ мащІэ хэпщІ. Архив тхылъымпІэхэм наІуэ зэращІыкІэ, 1926 гъэм кхыззрагъэпэща а институтыр нэхъыбэу а илъэсхэм зэлэжьу щытар щІэныгъэм и Іыхьищщ, абыхэм зэреджэгъар иджы къагъэсэбэп «сектор» псалъэрхъэм, атІэ «разрядщ». Щагъуэ Нурий тхыдэмрэ этнографиемкІэ разрядым хыхьэ отделитым - тхыдэмрэ этнологолингвистикэмрэ - я щІэныгъэ лэжьакІуэ къудейуэ щытащ.

КхызыхэкІар мыгурыІуэгъуащэми, Щагъуэ Нурий 30 гъэм и пэщІэдзэхэм Дыгулыбгъуей мэлэпхъэжэ икІи абы дэт етІуанэ еджапІэм и унафащІу мэлажьэ.

Щагъуэ Нурий дунейм щехьажауэ щІэныгъэ лэжьыгъэ куэдым кхыщагъэльагъуэр тэмэмкъым. Абыхэм псоми кхыщыкІыар зы илъэсщ - 1936 гъэрщ. Абыхэм кхащхьащокІ тхылъитІу Москва 1967 гъэм кхыщыщдзэкІа «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и тхыдэм» зи гугъу щыщІа илъэс бжыгъэр, ар зэхэзышІыхьахэм нэхъ яфІэкъабылыр 1935 гъэрщ. А илъэс бжыгъэрщ нэхъ тэмэмри, ар зэрыпэжьым щыхьэт тохъуэ Щагъуэ Нурий ипхъу Тамари. Абы кхызэриІуэтэжамкІэ, и адэр машинэм щиукІар 1935 гъэм дыгъэгъазэм и 31-рщ. Псалъэмакъ епщІэкІыну мыхьэнэшхуэ имыІэми, Щагъуэ Нурий и гъащІэмрэ и тхыгъэхэмрэ я гугъу щащІкІ, зэхэгъэкІын хуейуэ щІэныгъэлІхэм я пащхьэ нэгъуэщІ зы Іуэхуи я щхьэ убзыхунырщ. Лэжьыгъэ зэхуэмыдэу абы теухуахэм щІэныгъэлІым и упщІэгъэ языныкъэм «ЩІагъуэу», адрейхэм «Щагъуэу» щатх. Дэ нэхъ тфІэкІабылыр «Щагъуэрщ», сыт щхьэжІэ жыпІэмэ, революцэм и ужькІэ абы къыдигъэкІа и тхылъхэмрэ «Къэрэхьэлъкъ» газетым кхытридза и тхыгъэхэмрэ аращ абы къыщигъэсэбэпар.

ХЬЭКІУАЩЭ Андрей,
филологие щІэныгъэхэм я доктор.

● Пшыхь

Дэтхэнэ зыри

Адыгэхэм я махуэм, Адыгэ фащэм и махуэм теухуа пшыхьхэр, хабзэ зэрыхъуащи, республикэм и курыт школхэм щрагъэкIуэкI. А Iуэхугъуэхэм ехьэлIа зэхыхьэхэр фокIадэм и 17 - 28 махуэхэм Налшык и еджапIэхэми щызэхэташ. Абы и къызэгъэпэщакIуэщ къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и методист нэхъыщхьэ ЛIыIэщын Людмилэ.

САБИЙХЭМ утыку кърахьащ я IэдакъэщIэкI хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, махуэшхуэхэм теухуауэ ящIа сурэтхэр, зэхалъхьа усэхэр, тхыгъэхэр. ЕджапIэ къэс зэпеуэхэр щекIуэкIри, абы къыщыхэжанык Iахэм я зэхыхьэшхуэр Налшык къалэ и курыт школ №32-м къыщызэрагъэпэщащ.

Дэтхэнэ зы лэжьыгъэри щIэщыгъуэт, купщIэ хэплъагъуэрт, зи гугъу ящI Iуэхухэр цIыкIухэм зэрафIэгъэщIэгъуэныр я IэдакъэщIэкIхэм наIуэ къащIырт. Зэхыхьэм и къызэгъэпэщакIуэхэм зыри гулъытэншэу къагъэнакъым, щхьэж зэрыхуэфащэкIэ ягъэпэжащ. Пшыхьыр еджакIуэхэм ягъэхьэзыра концерт дахэкIэ зэхуащIыжащ.

КIУЭКIУЭ ХьэIишэт.

● ЖыIэгъуэхэр

Мыхъунур пасэу мэтIыгъуэ

♦ЦIыхуитI нэхърэ нэхъыбэм къащIэмэ, зэIащIэну Iуэхур щэхуу къанэмэ, зэтес мэхъуж.
♦Шэнтым темыхуэр мастэпэм фIозагъэ.
♦Шыдыщхьэ къызыфIэкIам хуэшхыдэххэурэ, жылэр зэщIещтэ.
♦ЯжепIэмэ, жыжьэу ущIызытрамыгъэхьэнур зэ лэжьа хъумэ, арэзы тохъуэжри, уэри лей уохъуж.
♦IэпэдэгъэлэлI: Iэмал зиIэр IэмалыншагъэмI зэрыхуагъакIуэ Iэмалщ.
♦Iуэху зи мычэзур ехьэжьэгъуафIэщ, зехьэкIейщ.
♦Зы Iуэхугъуэр тIум яфIэгъэщIэгъуэнщ: зым пкърымыхьауэ, адрейм пхрыкIауэ.
♦Къэзыухьыр цIыкIумэ, къиухьри чэнжщ.
♦Уеджэну зэи мыкIасэр пэжщ, пасэу щIэбдзэмэ!
♦ЩIэныгъэм итхьэла акъыл.
♦ЩIэуэ зэбгъэщIэнуIамэ, умыщIэ зыгуэр щыIэу зыбумысыжын хуейщ.
♦Гугъэр - ныбгъуэщ, гъащIэр - бзущ.
♦ДыздэкIуэIарэ хьэмэрэ къэсыр къыдблэкIрэ?
♦Адэ-анэм пщIэуэ хуащIым хуэдизщ быным къалъысыжыр.
♦Быныр гъэса хъуамэ, гу лъытэгъуейкъым: зыпIар ипIыжу плъагъунущ.
♦Дадэ къуапэри ядакъым: мыхъунур пасэу мэтIыгъуэ.
♦Сабийм балигъыбзэр зэхещIыкI, жьыкIэфэкIэр сабиибзэ хуэныкъуэщ.
♦Хабзэжь зизылъэфыхьым щыгъупщэжащ езым и щIалэгъуэм гъуэгу кърамыту зэрыщытар.
♦ХабзэфIыр къегъэжьэгъуейщ, хэгъэкIуэдэжыгъуафIэщ.
♦ЦIыхугъэр зыхэлъхьэгъуейкъым, зехьэгъуейщ.
♦Щхьэж езым и хьэл хэлъыжщ: аращ хабзэ щIыщыIэри.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

СИ АНЭ

● Дэ къытхуатх

Си дежкIэ уэ утетщ дунейм,
КъоIукIыр си гум уи макъ щабэр.
Узихьэуат, узипщэдейт,
Уэрат мы си псэр зыгъэхуабэр.
Сэ сощIэ гъатхэм щIэгъэгъар
Жыг хадэр, и мэм узэщIишэу,
Гъуэгуанэ дахэу пхуиунэтIар
Псэ емыблэжым хупхришу.
Сэ сощIэ, гъащIэр псы ежэхщ,
КъимыгъэзэнукIэ ар мэпIащIэ.
Аргуэру мэхъу уэрыншэу жэщ,
Уи гъащIэр, махуэм ещхьу, мащIэт.

КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ ХьэIишэт.

ХЬЭГЪЭЖЕЙ Елдар:

Адыгэ псалъэ зытет фэилъхьэгъуэхэр щыIэ сыт щIэмыхъунур?!

● КъежьапIэ

Iуэху гъэщIэгъуэн къэрихьэжьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым ухуэныгъэмкIэ и къудамэм и 4-нэ курсым щIэс Хьэгъэжей Елдар: адыгэ псалъэхэр зытет щыгъынхэр ирегъэд. Абы къежьапIэ хуэхъуар зэдгъэщIэну щIалэм зыхуэдгъэзащ:

- ИЛЪЭСИТI ипэкIэ си ныбжьэгъу Уэрыш Артур Инстаграмым кърилъхьащ, къригъэкIри жимыIэу, напэкIуэцI фIыцIэм хьэрф хужькIэ къыщыхэгъэщауэ «гупсысэ» псалъэр зытет сурэт. - Ар сфIэгъэщIэгъуэн хъури, сэри Инстаграмым си напэкIуэцIми ар дыдэр къислъхьащ. НэгъуэщI лъэпкъхэм къыхэкIа си ныбжьэгъухэр къыщIэупщIэрт а псалъэм и мыхьэнэм. КъикIыр зрагъэщIа нэужь, езыхэми социальнэ сайтхэм щаIэ напэкIуэцIхэм а псалъэр кърагъэувэрт. Дауи, ди гуапэ хъурт нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщхэм адыгэ псалъэм апхуэдэ гулъытэ къызэрыхуащIар.

ИужькIэ, зэман дэкIауэ, си ныбжьэгъум зыкъысхуегъэзэри: «Щыгъыным адыгэ псалъэхэр тету дыгъэди, абы къэрикIуэнум дегъэплъ», - къызжеIэ. Абы щыгъуэм сэри сегупсысырт адыгэбзэкIэ щэкIым зыгуэрхэр тептхэ зэрыхъунум и Iэмалхэм. Урысыбзэ, инджылызыбзэ псалъэхэр зытет щыгъынхэр дэ зетхьэкъэ?! АтIэ адыгэ псалъэ зытет фэилъхьэгъуэхэр щыIэ сыт щIэмыхъунур?! Ди еплъыкIэхэр щызэтехуэм, лэжьыгъэр едгъэжьащ. Джанэ ддыну дызэгурыIуэри, Iуэхум и ужь дихьащ. Дэрбзэр IуэхумкIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ си анэ шыпхъур. Абы епхауэ езым и IуэхущIапIэ иIэжти, абдеж лэжьыгъэр щедгъэжьащ, щэкIыпхъэр къыхэхынымкIи ар къыщытщэхунымкIи икъукIэ щIэгъэкъуэнышхуэ къыдитащ. Япэ едгъэда джанэм и пщампIэм «гупсысэ» псалъэр тредгъэтхащ, абы къыкIэлъыкIуащ «дыгъэ», «мазэ» хуэдэхэр.

МазитI хъуа къудейуэ аращ лэжьыгъэр зэредгъажьэри, щIэупщIэ зэриIэмкIэ къыдгурыIуащ цIыхухэм ягу зэрырихьыр. Иджыпсту анэдэлъхубзэр джыным теухуауэ щыIэ гугъуехьхэр къэплъытэмэ, щIалэгъуалэм я бзэр ящIэжынымкIэ, абы иIэ пщIэр къагурыIуэнымкIэ къетхьэжьа Iуэхур зыгуэркIэ сэбэп хъумэ, ди гуапэщ. ЗэкIэ джанэ 30-м нэблагъэ дгъэхьэзыращ. ДяпэкIи щIэщыгъуагъ гуэрхэри хэтлъхьэну ди мурадщ.

Епсэлъар
НАФIЭДЗ Мухьэмэдщ.

● ГушыIэ

Къысхуэгъэгъу, си шыдыжь!

Хъуэжэ и шыдыжьымкIэ гъавэ къиишэжырт. Джабэ гуэр къызэрыкIэрыхьэу шыдыр увыIащ. Хъуэжэи шыдым щIэрыIэу, щIэкIиеу щIидзащ.

АрщхьэкIэ, жагъын иштауэ шыдыр къыхуекъужыртэкъым. Хъуэжэ къэгубжьри ар иубэрэжьу хуежьащ. Асыхьэтым къуажэ тетыр шууэ блэкIырти къыбгъэдэлъадэри, и жьэм къихь къимыгъанэу, Хъуэжэ бзаджэ къыжриIэу щIидзащ, шыдыр зэриубэрэжьым щхьэкIэ.

ИтIанэ Хъуэжэ зэуэ зызэридзэкIыжри и шыдым и напэм Iэ дилъэурэ жриIащ:

- Къысхуэгъэгъу, си шыдыжь, дяпэкIэ сыноуэжынкъым, къуажэ тетыр узэрикъуэшыр сщIакъым!

Ар щызэхихым, къуажэ тетыр губжьащ.

- А уи жьэм утекIуэдэжынущ уэ! - къыжриIащ абы.

- Зи жьэм текIуэда мащIэ щIэлъ кхъэм, сэри абы сакъыхэжыжынкъым! - жиIэри Хъуэжэ къежьэжащ.

КЪАРДЭНГЪУЩI
Зырамыку.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

ЩIакхъуэ зэтеупIэщIыкI

Гуэдз хьэжыгъэ хужьыр пIинэу Iэнэм траухуанщIэ, и кур кърatхъу. Шхум фошыгъу, шыгъу, содэ, сэхуран дагъэ, джэдыкIэ уда халъхьэри, фошыгъур ткIуху псори зэхагъэзэрыхь, ар хьэжыгъэм хуащIа кумбым иракIэри тхьэвыр япщ.

Iэнэм тралъхьэри и Iувагъыр мм 2, и кIыхьагъыр см 50-60, и бгъуагъыр см 30 хъууэ яху, абы и щхьэфэм зэхуэдэу тхъу щахуэ, фошыгъу трагъэщащэри жэрумэм хуэдэу и кIыхьагъымкIэ зэкIуэцIашыхь. Ар къащтэри зэпамычу нэхъ кIыхьу зэпаш. ИтIанэ тхьэвыр хъурейуэ яшыхь, хупхъэкIэ яхуурэ нэхъ пIащIэ ящI, тхъу зыщыхуа тебэм хуэсакъыурэ иралъхьэ, и щхьэфэм шатэ щахуэри ягъажьэ.

Халъхьэхэр: гуэдз хьэжыгъэу - г 1200-рэ, шхуэ - г 600, джэдыкIэу - 1, шыгъуу - г 4, содэу - г 10, сэхуран дагъэу - г 50, фошыгъуу - г 50, щIакхъуэ зэтеупIэщIыкIым щахуэ тхъуу - г 250-рэ, траудэну фошыгъуу - г 250-рэ, шатэу - г 50, тебэм щахуэ тхъуу - г 20.

Фоупсым хэгъэвыхьа дэ купщIэ

Дэ купщIэр яуб е лыхьэжым щIагъэкI, тебэ е шыуан гъущэм мыIув дыдэу иралъхьэ, мафIэм трагъэувэри, бэлагъкIэ зэIащIэурэ, дыщафэ хъуху, мэ гуакIуэ къищтэху ягъэлыгъуэ. Ар яухуэнщI, зэIащIэурэ фо къэплъам хакIутэ, зэ къытрагъэкъуалъэри къытрахыж. ТIэкIу зэрыупщIыIуу кIэструлым е кхъуэщыным иракIэ, и щхьэр тепIауэ щIыIэпIэ ягъэуври, зыхуеймхуэдиз къыгуахыурэ яшх. ЩIыIэ зыхыхьахэмрэ зи тхьэмщIыгъу узхэмрэ я дежкIэ сэбэпышхуэщ. Лэкъум хуабэ, щIакхъуэ дашх, шей драф.

Халъхьэхэр: фоуэ - г 300, дэ ущэбауэ - г 150-рэ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Псалъэжьхэр

Щхьэхынэм и махуэ кIыхьщ

♦Iуэхур жыIэгъуафIэ щхьэкIэ, щIэгъуафIэкъым
♦Гъатхэм жеяр бжьыхьэм магъыж.
♦Зи жьэ куэд жиIэм иIэ куэд ищIэркъым.
♦ЛэжьэкIэмыщIэ и Iуэху хэщIыркъым.
♦Мылэжьэф и гуахъуэкI бэлацэщ.
♦УщыщIалэм умыугъуеяр уи жьыщхьэ бгъуэтыжынкъым.
♦Хуэмыху унафэ щIынкIэ Iэзэщ.
♦Щхьэхынэм и махуэ кIыхьщ.
♦ЗэфIэкI зиIэм унафэри IэщIэлъщ.
♦Зи мэкъу Iуврэ зи мэш бэврэ гузавэркъым.
♦Куэншыбыжь удзыр мэбатэ.
♦Лъэрымыхь и Iыхьэ хокIуадэ.
♦Уи псалъэр гуапэми, уи къэпыр нэщIмэ, мыхьэнэншэщ.
♦Дэрбзэрым ущытхъумэ, бзыхьэхуэм джанэ къыпхухех.

● Фэ фщIэрэ?

ЩIэпщ

Щауэ Iэнэ. Фызышэ хабзэхэм щыщщ. Нысашэ хьэгъуэлIыгъуэ щрагъэкIуэкIым деж, хъуэхъуакIуэ къакIуэ къуажэгъухэр ягъэхьэщIэу щытащ, хьэблэ-хьэблэкIэрэ Iэнэ хуагъэувурэ. Хабзэр зыхэлъу щытар къармэхьэблэдэсхэрщ, ауэ ар кIуэдыжащ ХХ лIэщыгъуэм и 20 гъэхэм.

Щхьэкъутэ (щхьэ щIэлъэныкъуэкъутэ). Нысашэм, хьэгъуэлIыгъуэм, тхьэлъэIум щыщ хабзэщ. Адыгэхэм Iэнэ къыщаIэтым деж, нышым (мэлым) и щхьэ щIэлъэныкъуэ ижьыр гъэвауэ тралъхьэ. Сэмэгур унагъуэм кърaнэж. Щхьэ щIэлъэныкъуэр Iэнэм щытралъхьэр хьэщIэм и ежьэжыгъуэм и дежщ. Ар хьэщIэ нэхъыжьым и пащхьэ иралъхьэ, ирагъэкъутэн щхьэкIэ, ауэ абы и лъэIукIэ нэхъыбэм зыкъутэр хэгъэрей нэхъыжьырщ.

Псом япэу тхьэкIумэр къытрагъэжри Iэнэм щыс нэхъыщIэм ират. ИтIанэ пэнцIывыр къыпегъэжри и сэмэгурабгъумкIэ щысым ирет, нэщIащэр ижьрабгъумкIэ къыщысым лъегъэIэс, щхьэпхэтIыгур - куцIыр зэрылъу - езым къызыхуегъанэ.

Щхьэр къутэныр Iэнэм и кIэухыу аращ.Iэнэм тралъхьэ щхьэщIэ лъэныкъуэмкIэ къагъэлъагъуэ хьэщIэхэм пщIэ хуащIу ныш зэрыхуаукIар.

Щхьэнтэтес. Адыгэ хабзэм къызэриубыдымкIэ, япэ зэманым нысащIэ къашар зы илъэскIэ зыри имыщIэу щагъэсу щытащ. Апхуэдэу ягъэтыншырти, щхьэнтэм трагъэсу жаIэрт. А хабзэм «щхьэнтэтескIэ» еджэрт.

Ди зэманым хабзэр щыIэжкъым.

Щыгъынгуэшыж. Нэщхъеягъуэм епха хабзэщ. ЦIыхур зэрылIэрэ зы илъэс ирикъуа нэужь, абы и щыгъыныр, и Iэщэ-фащэр ягуэшыжу щытащ. А махуэм шыгъажэ ящIырт икIи зиш къытежам лIам и щыгъыным и нэхъыфI дыдэр, Iэщэ-фащэр, н.къ. лъагъэсырт.

«Щыгъынгуэшыж» хабзэр ноби щыIэщ, ауэ абы и теплъэм зихъуэжащ. Иджы щыгъыныр нэхъ пасэуи ягуэшыж, зратри благъэIыхьлыхэрщ.

ЩIэпщ. Жылагъуэ зэхэтыкIэм, IэзэкIэм ехьэлIауэ пасэм щыгъуэ адыгэхэм ягъэзащIэу щыта Iуэхугъуэщ. Уз зэрыцIалэ Iейхэр (емынэ, тало уз хуэдэхэр) къежьа нэужь, адыгэхэм псыIуфэм пэмыжыжьэу щIыр щыщIатIыкIырт, абы и лъэгур кърaтIыкIыжырти гуарцэ мафIэ иращIэрт. Мащэм и щхьэр чийкIэ, бжэгъукIэ ягъэбыдэжырт, Iугъуэ къыпхыкIыу, ауэ цIыху, Iэщ пэрымыхуэн хуэдэу. А щIы щIагъ щIатIыкIам цIыхухэри Iэщри щIагъэкIырт. Абы иужькIэ уз зэрыцIалэр кIуэду я фIэщ хъурт.

ДУМЭН Хьэсэн.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **3**. Зи щIыналъэмкIэ Африкэм и кърал нэхъ ин дыдэ. **5**. Зи бзэр IэфI ... мэлитIым щIоф. **8**. КъурIэным и зы пычыгъуэ. **9**. Жыгыку гъуанэр зи псэупIэ псэущхьэ кIэ баринэ. **10**. Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ шы лъэрызехьэ. **11**. Джэд ... и пщIыхьэгъущ. **13**. Къамэ Iэпщэм халъхьэ, ирагъэдахэу. **16**. Лъапэ зыпымыт, лъэгупс зиIэ цIыхухъу щыгъын. **17**. Гъэш. **18**. Адыгэ къэфэкIэ. **19**. ... зытеха къэбыр нэхъ IэфI мэхъу. **23**. Хьэцэпэцэ. **24**. И пщэм тралъхьэу выр зэрыщIащIэ пхъэ. **25**. Тонн зыплIытху, зытхух къэзышэч псэущхьэ. **28**. ЦIыхум и адэжь щIыналъэ, и кърал. **30**. ЦIыхубз щыгъын. **31**. ЩIым къыщIах пкъыгъуэ быдэ. **33**. Бгырыпхыщхьэ. **34**. Письмохэр, газет, журналхэр зыхуей щыхуагъазэ IуэхущIапIэ. **36**. Зи ... исым и уэрэд къреш. **37**. Iэнэм тIыса гуп дыгъэлым мыгувэу ... - ешхэр зэхаублащ. **38**. Iуданэу зэхэща кIапсэ псыгъуэ цIыкIу. **40**. Дин лэжьакIуэ, ефэндыхэм я нэхъыщхьэ. **42**. Адыгэ макъамэ Iэмэпсымэ. **43**. Пщэдейрей ... нэхърэ нобэрей бзу.

Къехыу: **1**. Псалъэ дахэм ... гъуэмбым къреш. **2**. ... къашэри вынэ ирищIщ. **4**. Литературэ тхыгъэшхуэ. **5**. ЦIыху псынщIэ, емыгупсысауэ Iуэху гуэрхэр къезыхьэжьэ. **6**. Iуданэ мыджа, вакъэнжей. ЩэкI къызыхащIыкI налъэ. **7**. Хадэм зэрилэжьыхь Iэмэпсымэ. **11**. ЦIыху мыхьэнэншэм щхьэкIэ щыжаIэ щыIэщ: «Ар ... фIыцIэжь и уасэкъым». **12**. Анэкъилъху. **14**. Гъуэгу зекIуапIэм ... къутахуэ телъщ. **15**. Пасэрей зауэлI пыIэ. **20**. АпхуэдизкIэ хьэкIэпычщи, гу кIуэм ... къыкIэреуд. **21**. Пхъэ сахуэ. **22**. Хур къызыщIаумкIа мэш хьэуазэ. **26**. Хэку зауэшхуэм и зэманым связисту щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **27**. Адыгэ скульптор цIэрыIуэ ... Хьид. **29**. Тэрч районым хиубыдэ ... Ищхъэрэ къуажэ. **30**. ГъукIэм и лъэщапIэ. **32**. КIапсэ къызыхах къэкIыгъэ. **33**. Уафэм щыхуарзэу ит хабзэ къуалэбзуушхуэ, нэ жан зиIэ. **35**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **36**. Имыхабзэу, лъэсу гъуэгуанэшхуэ зэпызыча щIалэм ... ищIащ. **39**. Нартыху щхьэкIэм къыдидз гъэгъа. **41**. ЕджакIуэ цIыкIухэм бзухэм ... хуащIащ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



ФокIадэм и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1**. Къэбард. **4**. Нартан. **7**. Молэ. **8**. Пшэр. **9**. ХущIэ. **10**. Мел. **11**. Бжьо. **12**. Хьущт. **14**. Къурашэ. **16**. Тутын. **18**. Къып. **19**. Пщы. **20**. Тау. **23**. Ахъшэм. **24**. Гурышэ. **25**. Пхъужь. **26**. Хьэху. **27**. Къэб. **29**. Хьэм. **31**. Залэ. **32**. Куржы. **33**. Налмэс. **34**. Тхьэбзэ.

Къехыу: **1**. Къамылыкъуэ. **2**. Былым. **3**. Дэлъху. **4**. Назэ. **5**. Ташло. **6**. Нартсанэ. **13**. Щхьэщытхъу. **15**. Шыпсэ. **17**. Уэтэр. **21**. Партизан. **22**. Кхъуэтепыхьэ. **26**. Хьэлэл. **28**. Бырыб. **29**. Хьэпс. **30**. Мест.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд
Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
Къыдэзыгъэк Iхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэлэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытххэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 33 12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ (1, 2-нэ нап.), Инэрокъуэ Аэзмэт (3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Нэужьокъуэ Заирэ. КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.108 ●Заказ №1002